

KHUTBAH JUMAT BAHASA SUNDA

Harta Anu Mawa Bagja Jeung Waluya

<https://pcnucilacap.com/khutbah-jumat-bahasa-sunda-harta-anu-mawa-bagja-jeung-waluya/>

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي بَعَثَ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا رَحْمَةً لِلْأَنَامِ، وَاخْتَصَّ بِشَرِيْعَةٍ سَمْحَةٍ مُشْتَمِلَةً عَلَى الْحُكْمِ
وَالْأَحْكَامِ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ الْمَلِكُ الْقُدُّوسُ السَّلَامُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا
عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ أَفْضَلُ الْأَنَامِ وَمِصْبَاحُ الظَّلَامِ وَرَسُولُ الْمَلِكِ الْعَلَامِ، وَصَلَّى اللَّهُ عَلَى سَيِّدِنَا
مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ السَّادَةِ الْكِرَامِ وَسَلَّمْ تَسْلِيمًا كَثِيرًا دَائِمًا إِلَى يَوْمِ الدِّينِ

أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ. وَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى فِي
الْقُرْآنِ الْكَرِيمِ أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ: أَلْهَكُمُ التَّكَاثُرُ، حَتَّى زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ، كَلَّا سَوْفَ
تَعْلَمُونَ، ثُمَّ كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ

Hadirin sidang Jumat Rahimakumullah!

Saat ieu sareng di tempat ieu mangga urang sami-sami muji syukur ka dzat Allah SWT, tina sagala kanikmatan anu parantos dipasihkeun ka urang sadaya, terutami nikmat iman sareng Islam.

Sholawat sareng salam mugia salamina dilelerkeun kajunjunan alam nabi terakhir Muhammad Rosulullah SAW, Rahmat sareng sholawat mugia deui dilelerkeun ka kulawarga, sahabat, tabi'in miwah urang sadaya anu senantiasa miharep kabagjaan di dunia rawuh akhirat.

Hadirin sidang Jumat Rahimakumullah!

Al-Qur'an anu mangrupikeun wahyu sareng pedoman pikeun umat manusa, parantos ngawanti-wanti ka urang sadayana supaya teu kajebak teu kaperdaya



kuharta kakayaan, sabab anu ngajadikeun korun cilaka kakubur kadasar bumi tina alatan hartana sorangan.

Firaun nu disebut-sebut hampir 70 kali dina al-Qur'an cilaka kulantaran kajebak kaperdaya kujabatan jeung kadudukan, nyakitu deui Abu Jahal jeung Abu Lahab ditempatkeun dina naraka hawiyah kwalatan katipu ku gemerlapna harta jeung kadudukan.

Dina hal ieu Allah SWT ngarekam jeung ngaabadikeun dina al-Qur'an Surat Al-Lahab:

تَبَّتْ يَدَا أَبِي لَهَبٍ وَتَبَّ مَا أَغْنَىٰ عَنْهُ مَالُهُ وَمَا كَسَبَ سَيَصْلَىٰ نَارًا ذَاتَ لَهَبٍ

Hartosna: "Binasa dua Leungeun Abu Lahab, kalawan sestuna binasa. Taya paedahna keur manehna boh hartana boh naon bae nu diusahakeunana. Manehna baris asup kana seuneu naraka nu ngentab-ngentab". (QS. Al-Lahab: 1-3)

Moal manfa'at kamanehna harta bandana jeung nu diusahakeunana, Isukan manehna bakal asup kana seuneu anu ngagolak.

Hadirin sidang Jumat Rahimakumullah!

Rosulullah SAW ngadawuh dina salah sawios haditsna, anu diriwayatkeun ku Imam Muslim katut Imam Tirmidzi;

وَهَلْ لَكَ مِنْ مَالِكَ إِلَّا مَا أَكَلْتَ فَأَفْنَيْتَ أَوْ لَبَيْتَ فَأَبْلَيْتَ أَوْ تَصَدَّقْتَ فَأَمْضَيْتَ

Hartosna: "Anjeun teu ngabogaan harta kecuali anu geus di dahar ku anjeun, atawa pakean iwalti anu geus dipake ku anjeun dugi kaburukna, atawa anu disodakohkeun nepika geus kaliwat".

Hadirin sidang Jumat Rahimakumullah!

Ternyata harta anu sajatina harta, nyaeta harta benda anu geus dituang nu geus dinikmati ku urang, mun pakean geus buruk atawa hancur, lain anu aya keneh di imah atawa di gudang, di kamar atawa dina lomari, sabab harta anu masih keneh nyesa, eta harta bakal jadi parebutan jeung papaseaan ahli waris,



pon nyakitu deui harta sodakoh eta mangrupakeun sajatina harta, anu moal leungit dugika kiamah sok sanajan jumlahna leutik atawa saeutik.

Lain duit anu aya dina dompet dina tabungan atawa di bank, sabab duit anu aya dinu kasebat bieu mungkin bakal ilang kulantaran aya nu nyokot, kaduruk atawa aya nunipu, ku hal eta pisan sateuacan harta benda urang dijadikeun parebutan ku ahli waris, dijadikeun persengketaan jeung fitnah

Maka manfa'atkeun eta harta sahade-hadena kanggo bekel ibadah ka Allah kanggo taqorrub jeung to'at ka Allah, karna harta nu bisa mere kamanfa'atan nyaeta harta nu disodakohkeun jeung diinfakkeun dijalan Allah. Pidawuhna Allah SWT:

بِمَا عِنْدَكُمْ يَنْفَدُ وَمَا عِنْدَ اللَّهِ بَاقٍ

Hartosna: "Naon-naon anu aya diaranjeun eta bakal ilang, jeung naon anu aya di Allah eta bakal abadi". (QS An-Nahl: 96)

Hadirin sidang Jumat Rahimakumullah!

Mudah-mudahan harta kadudukan jeung jabatan anu disandang ku urang ngajantenkeun wasilah kana lungurna taufik jeung hidayah sahingga tiasa bersyukur kana kanikmatan ti Allah SWT.

بَارِكْ اللَّهُ لِي وَلِكُمْ وَلِجَمِيعِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ إِنَّهُ هُوَ الْعَفُورُ الرَّحِيمُ

KHUTBAH KADUA



= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، وَبِهِ نَسْتَعِينُ عَلَى أُمُورِ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ
الْحَقُّ الْمُبِينُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ

أَمَّا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، اللَّهُمَّ
اجْعَلْ اجْتِمَاعَنَا اجْتِمَاعًا مَرْحُومًا وَتَفَرُّقَنَا مِنْ بَعْدِهِ تَفَرُّقًا مَعْصُومًا، رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مُنْزَلًا
مُبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ الْمُنْزِلِينَ، رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ الْفَاتِحِينَ. رَبَّنَا
أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَثَبَّتْ أقدامَنَا وَأَنْصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ. رَبَّنَا اتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي
الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ

Disusun ku Jamal Shidiq, S.Pd.

Dikuarkeun ku Seksi Bimas Islam, Kantor Kementerian Agama Kota Banjar Jawa Barat.

Penyelaras Bahasa ku IHA

